

**FÈT CHANPÈT**

*(Haitian Creole – English Translation)*

**“Beng, beng, beng”, mwen tande “beng”,  
Klòch sonnen “beng”,  
Me mwa Jiyè fè “beng” nan dènie almanak,  
Tout timoun delivre, Pwofesè kraze rak,  
Nan tout kwen peyi-a, dènie lekòl lage!**

**Tout pèleren pare; se sezon Fèt Chanpèt!  
Banbòch la kòmanse, toupatou se bèl fèt!**

**Anpil moun debake nan Lakou Migonga;  
Poul, kòdenn ak kanna  
Fè ribanbèl nan lakou-a.**

**Papa ak gran papa, frè ak sè reyini,  
Vwazinay ak zanmi, nou tout fon sèl fanmi.  
Wi tout sa se lizay nan Peyi d’Ayiti.**

**Labapen, Pitimi, Kann kale fè kenken,  
Mango ak zaboka tonbe tout lajounen.**

**Lavèy, se boule bwa,  
Demen, se mès dizè.  
Tout moun ap selebre:  
Viv la Sen Jak Majè! Se Fèt Chanpèt!**

**Ala yon bèl epòk’o,  
Se la jwa, se la fèt!  
Aprè La Plèndinò, se tou pa Limonad.  
Se sezon Fèt Chanpèt!  
Nou tout n’ape chante,  
N’ape rele: “Beng, beng, beng”!**

**“Beng, beng, beng”,  
N’ap rele “beng”,  
N’ap chante “beng”,  
An nou fete jouk sa kaba!**

**“Beng, beng, beng”!  
N’ap fete “beng”!  
N’ap rele “beng”!  
N’ap chante “beng”!  
Klòch la sonnen “beng”!**

**Me mwa Jiyè fè “beng” nan dènie almanak...  
Se Fèt Chanpèt, nan pwèn konsa!**

*-Gabriel T. Guillaume  
Juin 2010*

*“Ding, ding, ding”, I hear “ding”,  
The bell strikes, “ding”  
The month of July strikes “ding” on all the calendars.  
All the children are free, Teachers are gone,  
In all corners of the country, school is out!*

*All the pilgrims are ready; it’s the frivolous party season!  
The feast has begun, everywhere it’s part time!*

*Many have arrived at Lakou Migonga.  
Chickens, turkeys and ducks  
Are carousing in the yard.*

*Fathers, grandfathers, brothers and sisters are gathered,  
Neighbors and friends, we all make one family.  
These are all customs in the country of Haiti.*

*Artocarpus incisa, Millet, Sugarcanes are flourishing.  
Mangos and Avocados are falling all day long.*

*The night before, it’s wood burning,  
The next day, it’s the ten a.m. Mass.  
Everyone’s celebrating:  
Hail to Saint James the Great! It’s “Fèt Chanpèt”!*

*Oh, what a beautiful season,  
It’s joy, it’s festivity!  
After Plaine-du-Nord, at Limonade we party some more.  
It’s the frivolous party season!  
We are all singing,  
We are all yelling out: “ding, ding, ding”!*

*“Ding, ding, ding”,  
We are yelling “ding”,  
We are singing “ding”,  
Let’s party until the very end!*

*“Ding, ding, ding”!  
We party “ding”!  
We yell “ding”!  
We sing “ding”!  
The bell strikes “ding”!*

*The month of July strikes “ding” on all the calendars...  
It’s “Fèt Chanpèt”, there’s none like it!*

*-Gabriel T. Guillaume  
June 2010*